Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 28 (7272)
30 июнь 2017 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Имам Шамиль гьавун - 220 сон

## Шамилил гIумроялъул нух



I795 соналъул 22 июлалда Дагъистана лъул Генуб росулъ маххул къебед Денгал МухIамадиеги, екьарухъан Бахумеседоеги гьавуна ГIали абун цIар лъурав вас. ЗагIипго гIолев вукIана гьев ва гIемер унтулаан. Гьеб заманалда росулъ тIобитIун букIана тIадерахъи унти, гIемерал унтун рукIана гьелъ, ГIалидеги щвана гьеб. Дагьдагьккун ссун унеб букIана гьесул гIумро. Унтуде данде чIезе къуват гьечIолъи бихьидал ракIалде щвана некIсияб гIадат. ГIалие кьуна цIияб цIар Шамиль абун. Аби буго гьелдаса хадуб Денгал МухIамадил вас цIилъун вачIанин. Вас чIаго хутIаниги унтуца гьесул гьурмада тана жиндирго «печать» гIужал.

Лъимерлъи ва гIолохъанлъи Шамилил ана гIагараб росулъ. Гьесул гьудуллъун вукIана мадугьалихъ вукIарав вас ГъазимухIамад. Заманалдаса гьезул бухьен гъваридаб гьудуллъиялде сверана. ГъазимухIамад Шамилидаса ункъго соналъ кIудияв вукIана ва гьев Шамилил учительлъун лъугьана. Гьел цIализеги цадахъ ккола, цадахъ мерхьуна Дагъистаналъул гIемерал сухъмахъал, цадахъ бикьана рохелги къварилъиги. ДандчIвана гвангъаралги пашманалги къоял, бергьенлъаби ва битIккунгутIиял, амма гьел даимгоялъе хутIана цоцазе ритIухъал гьудулзабилъун. ГъазимухIамад тIоцеве имамлъун тIамураб заманалда Шамиль кидаго гIадин гьесда цадахъ хутIула, лъугьуна гьесул кваранаяб кверлъун.

Гьедин букIана хадуб. Анлъго сон бараб мехалъ нилъер бахIарчи цIализе лъугьана. ЦIалуца тIубанго гъорлъе вачун вукIана гьев цо учителасдаса цогидасухъе ун цIалулев вукIана Шамиль.

Гьесие битI ккана. Шамилил учительзабилъун рукIана Дагъистаналдаго цIар рагIарал гIалимзаби СагIид, Жамалудин, Лачинилав. Цоясдасан цо жо лъалаан гьесда, цогидаздасан цоги цIияб жо лъалаан. ЦIалана гьев ГьаракIуни, ЧIикIаб, ЧIиркъатIа, ЦIолбокь, Рихьуни, Хунзахъ, Къудукь, Таркиялдагицин. Шамилица лъазабуна грамматика, реторика, логика, филоссофия гIадал гIелмаби, кутакалда лъикI лъалаан гIараб мацI. Гьедин цIалана I0 соналъ.

Физическияб рахъалъги живго цеветIезавула гьес. Гьелъ гIемерго къуватавлъун, къо хIехьолевлъун, сахавлъун вукIана гьев, гьелъие батIи-батIиял упражнениял гьарулаан гьес, гIуцIулаан къецал. Генуб майданалда тIоритIулаан батIи-батIиял къецал, къоно рехи ва цогидалги.

Хурма чIвазе яги гени бетIизе риццатал хIухьдул ругел гъутIбузде ххаризе кколаан. Гьезул букIунаан I5-20 метраги борхалъи. Гьединал гъутIбузде ххари Шамилие лъугьун букIана хIай гIадаб жо. ГIолохъаби гъутIбузде ххарулаан къецалъ, борхалъуде ххарарав бергьунаан. Гьенивги цогидаздаса ватIа вахъулаан Шамиль. Дагьабниги тохлъани рортизе рес бугел тIогьаздасан кьурабаздегицин ххарулаан гьел ва кинабго лъугьун букIана гIадатияб жо гIадин. ХIалаан, чIахIиял къаназдасан, гундуздасан, кIкIалахъан доб рахъалде кIанцIи, рекерулаан. Цо-цо росабалъ гIебедехун кIанцIиялъе хIалтIизабулаан гIемер кIудияб гьечIеб къоно, Шамиль кваридасан кIанцIулаан гIадамазул борхалъиялъул манзилалдагицин. ХIадурулаан гьев гьеб ишалъе данде кколареб ратIлилъ. Гьедин хIадурарав гьечIони ГIанди гIоралдасан Шамилида кIанцIизе кIвелаандайха!. Гьединго гьев кIанцIана 9 метр борхалъи бугеб кIиго этажалъулаб борхалъиялдасан I822 соналда Генуб тоннелалъулъ. ГIелмабазул доктор Р. МухIамадовас хъвалеб буго ТIануси ккараб цо гьадинаб хIужаялъул. «Гьенив цIалулеб мехалъ Шамиль вачIана кьурулъан бортун бач1араб кIудияб къанида аскIове, лъиданиги гьелда квер базе кIун букIинчIо. Шамилица бигьаго босун цояб рахъалде рехана кьурул кесек. ХIайранлъун ралагьун хутIун рукIана гIолилал гьесул хIарщуда хутIарал чIахIиял лъалкIазухъ».

Къудукь росулъ вукIана цо Маххулав абулев чи. Къуватав атлетлъун лъалаан гьев росдада. Щаялиго гьес гугаризе къецалде ахIана Шамиль. Генусес гIемер инкар гьабула гьесие, хадув хIинкъанин ккелилан разилъана. Къецал унел рукIана мажгиталъул битIараб тIохда. ГIемерал гIадамалги ракIарун рукIана гьенире. Росдал гIадамазда ккун букIана жидер росуцояв бергьинин. Амма Шамилица сихIираб методги хIалтIизабун бигьаго чехьатIаде рехана гьезул ракьцояв. Гьелда са хадуб къакьадерида гьоркьоб бицун бажарулареб къадру-къимат лъугьана Шамилил. Шамилил гIумроялъулъ рукIана гIемерал хIикмалъизе бегьулел лъугьа-бахъинал. БичIчIизе захIмалъула кин Шамилие зах1мат букIараб пачаясул аскараз сверун сангар къараб кьурул хъинс гIадаб «АхIулгохI» рехун тезе. Жакъа къоялде щвезегIанги гIемерал ричIчIизе захIматал жал рицуна гьесул хIакъалъулъ. Цо-цо авторaз ракIчIун абула Шамиль гъойсуялда жаниве кIанцIанин, цогидаз абула кIваридасан виччанин, лъабабилез лъелъан нохъодеги вахун дандбитIараб кьурулъе ххаранин ва гь. ц.

(Ахир 2 гьумералда)

## КIалбиччан ГIидалъул къогун!



ХIурматиял, диналъул вацал ва яццал! Гьале ахиралде щвана баракатаб, жинда жаниб Лайлатул къадриги кьун кIодо гьабураб Рамазан моцI. РакI-ракIалъ баркула тIолалго районцоязда кIал биччан ГIидалъул байрам. Аллагьас нужер киназулго хириял Ражаб, ШагIбан ва Рамазан моцIаз гьарурал лъикIал гIамалал, ккурал кIалал, рарал какал-таравихIал, гьабураб садакъа къабул гьабеги, хадурккун гьел жеги гIемер гьаризе нужее сахлъиги, тавпикъги кьеги!

Биччанте нужер щивасул рокъоб кIалбиччан гIидалъул баракат рештIине!

**ГIиса НУРМУХIАМАДОВ.**
**Райадминистрациялъул бетIер.**

## Имам Шамилил юбилей

20I7 соналъул 26 июналда 220 сон тIубана Кавказалъул мугIрузул халкъазул къеркьеялъул цIар рагIарав цевехъан имам Шамиль гьавуралдаса. Жакъа гIемерисел гIадамаз гьесул гIумро гьабиялъул хасиятазул ва политическияб ариентациялъухъ балагьичIого гIахьаллъи гьабулеб буго Кавказалъул рагъул цIар рагIарав цевехъанасул, гьелъул бахIарчиясул юбилей кIодо гьабиялъулъ.

Дагъистаналъул бетIер Р. ГIабдулатIиповас 2 маялда гъулбасана «Имам Шамиль гьавуралдаса 220 сон тIубаялде буссараб праздник кIодо гьабиялъул № 93 бугеб Указалда.

Указалда рекъон Р. ГIабдулатIиповас Дагъистаналда гIуцIана юбилей кIодо гьабиялъе гIуцIиялъулаб комитет ва гьаризесел тадбиразе план бихьизабуна. Гьениб бихьизабулеб буго Дагъистаналъул шагьараздагун районазда Шамиль гьавун 220 сон тIубаялде руссарал тадбирал тIоритIизе. Имам Шамиль гьавуна I797 соналда Унсоколо районалъул Генуб росулъ. 25 соналъ Исламияб пачалихъияб гIуцIиялъул бетIерлъунги вукIун вагъана Россиялъул империялде данде. I859 соналъул 25 августалда жиндир 400 рагъухъаби-мюридалгун Гъуниб (цIияб къагIидаялъ 7 сентябралда), данде ругез хIурмат гьабулеб куцалда кверде ана.

I87I соналъул I6 февралалда (СагIудиязул ГIарабиялъул) Мадинаялда Аллагьасул къадаралде щвана.

Унсоколо районалъ имамасул ВатIан хIисабалда кIудияб бакI ккола гьеб праздникалъулъ. ГьединлъидаI гIуцIун буго гIуцIиялъул комитет, буго план, гьединго школазда, библиотекабазда ана гьелде руссарал гIемерал тадбирал Дагъистаналъул ва Чачаназул кIудияв полководец имам Шамилил хIурматалда. Имам Шамиль: «Халкъазул вацлъи ва гьудуллъи дица нужее васият гьабула…» абураб темаялда муниципалитеталъул школазда лъазабун букIана сочинение хъвазе конкурс. ТIобитIизе буго имам Шамилил юбилеялда хурхараб кIудияб тадбирги.

Нилъеда нилъерго тарих лъазе ккола, гьелда рекъон церехунги ине ккола. Нилъерго бахIарзал кIочене бегьуларо, гьезда релъараллъун рукIине ва гьездаса мисал босизе ккола. Нилъеда ракIалда рукIине ккола рагъал, гьезул бахIарзал, рекъел цIуниялъе гьелдалъун хIалтIизеги ккола. Нилъеда лъазе ва гIолеб гIелалъухъе кьезе ккола праздникал, гIадатал, нилъер лъималазулги гIумро лъикIаб, талихIалъул цIураб букIиналъул мурадалда.

**ГIиса НУРМУХIАМАДОВ**
**Унсоколо район МОялъул бетIер.**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 28 (7172)*
*30 июнь 2017 сон*



«Оборона Ахульго – беспримерный подвиг. Когда в течение 80 дней наши предки противостояли огромной армии. Достаточно сказать, что Шамиля и сподвижников бомбили из 30 пушек, когда у обороняющихся не было ни одного орудия. По сути, сражение на Ахульго это переворотный момент в Кавказской войне. События, которые происходили в 1939 году на Ахульго, очень много описывали летописцы и современники Шамиля. И, конечно, придя на Ахульго нельзя не ощутить дрожь от сознания того, что происходило на этом месте. Этот комплекс должен нести такую задачу: освещение тех событий, которые происходили на Ахульго»,



27 июнь - гIолилазул къо

## ГIолилазул къогун



Дорогие девушки и юноши!

Примите искренние поздравления с одним из самых ярких праздников в российском календаре – Днём молодежи России!

Юность и молодость – самые прекрасные и романтические периоды в жизни каждого человека. Это время свершений и открытий, полета мечты и поиска светлых надежд. Поэтому одна из основных задач власти – помочь молодому гражданину обрести уверенность в своих силах, получить необходимые знания, поддержку в становлении личности и создании семьи.

От вашей активной жизненной позиции, энергии, уважения к старшему поколению, к истории и славным традициям зависит будущее развитие и благополучие нашего района и страны.

Сегодня мы по праву гордимся многими представителями молодёжи Унцукульского района, подающими большие надежды в учёбе, спорте, искусстве. Достойны уважения пытливость и трудолюбие молодых людей, их внимание к людям и окружающему миру. Именно эта молодёжь завтра возьмёт на себя ответственность за нашу малую родину, её дальнейшее развитие, за судьбу старшего поколения.

Поздравляя юношей и девушек района с праздником, я искренне надеюсь, что присущие сов-ременным молодым людям чувство социальной справедливости, азартная предприимчивость и здоровые амбиции дадут результат, который пойдет на пользу всей России.

Пусть на пути к жизненному успеху вам поможет пример старшего поколения, его опыт и мудрость. Ведь именно вам продолжать эстафету добрых дел на благо людей и родной страны.

От всей души желаю вам скорейшего воплощения в жизнь самых смелых проектов и планов.

Крепкого вам здоровья, счастья, благополучия, неиссякаемого оптимизма и удачи во всех добрых начинаниях.

**Иса Нурмагомедов**
**Глава администрации МО «Унцукульский район»**

# АхIулгохIалъул асир

1839 соналъул риидал тIолабго Кавказалъул пикро буссун букIана Дагъистаналъул мугIрузда бугеб АхIулгохIалде. Гьениб 90 къоялъ унеб букIана данде кквезе мисал гьечIеб магIарулазулги гьоркьоса къотIичIого тIаде къуватал рехулеб пачаясул аскаразулги къеркьей.

Ахир-къадги АхIулгохIалда лъугьана гьабизе жо тIагIараб ахIвал-хIалалде магIарулал ккараб хIал: кверде ине Шамилида кIолареб, гьеб гьабизе биччалебги букIинчIо цадахъ къеркьолез. Дагьабго заманаялъ къеркьохъабаз хIалхьи гьабизе, пачаясул командованиялъ тIалаб гьабунги Шамилица гьоркьлъалие кьуна жиндирго кIудияв вас Жамалудин.

2I августалда лъугIана ракълие цIараб заман. Радалго щулалъиялде рехизе лъугьана гIарадаби. ДандечIей гьабулел къеркьохъаби холел рукIана чIваднахъ. Сверухъ ругезул гьариялда ва тIадецуялда рекъон Шамилица рехун тезе кколеб букIана АхIулгохI. 22 августалъул къад 2 сагIаталда АхIулгохIалъе гIоло къерекьеялъул эпопея лъугIизе тана. КIиябго гохIил хьонлъабазда доб пашманаб къоялъ хутIана 700 гIагарун магIаруласул жаназа.

Доб заманалъул гIадамаздасан цояв Б. Асадзеца хъвана: «Асирлъуде росун руго 900 чи, аслияб къагIидаялъ гьел ккола хараби, руччаби, лъимал. КигIанго свакан ва лъукълъукъун ругониги хIалалъ кверде росанин пахруял магIарулал»,-абун.

I2 сон гIумроялъул бугев ГIашилтIаса ХIасан-ХIажиявги ккун вукIана асирлъуде. Гьев вачун ана Россиялде ва рес бугев гIурусасухъе, Парамонов абун фамилия бугев чиясухъе тарбия кьезе ккана. Балагьараб мехалъ гьес гьев жиндаго тIад хъван вукIине ккола, документазда рекъон гьесул цIар букIана Николай Иванович Парамонов,-абун.



ГIумроялъул 20 сон тIубараб мехалъ ХIасан-ХIажияв витIула армиялде. Дагьавго гъорлъе ккедал ротаялъул командованиялде уна гьев гьадинаб гьаригун: «Дир фалилия Парамонов гуро Малачиханов буго, цIарги ХIасан-ХIажияв ккола». Офицерас кинаб букIаниги кумек гьабичIого гьесие. Дагьабго заманалдасан часталде вачIана генерал. Гьесда цебе чIезабуна полк.

-ДагIба бугев чи вугищ?,-ян абуна генералас. Дагъистанияс гали цебехун босана.

-«Дун вуго АхIулгохIалдаса асир,-ян абуна ХIасан-ХIажияс. Дир фамилия буго Малачиханов, дир разилъиги гьечIого диде абулеб буго Парамонов»,-абун.

Генерал полкалъул командирасдаса рази гьечIого хутIана ва гъалатI битIизабеян лъазабуна. Амма гьеб бигьаяб иш букIинчIо. ГIемерал цIех-рехал гьаризе ккана кин магIаруласе гIурус фамилияги цIарги щвараб, кин асирлъуде ккарав, щивгун вачIарав, гIагарлъи щиб, церегосел гIагарлъиялде гIунтIун цIех-рехал гьаруна.

Доб заманалда Темир-Хан-Шураялда генерал-губернаторасун переводчикаллъун рукIана Генуса ЖабрагIил-агъа ва Унсоколоса Агъагишиги. Петербургалдасан бачIараб цIех-рехалде данде гьез хъвана, ХIасан-ХIажияв хас гьавун лъаларо, амма гьез цIехолел гIадамал АхIулгохIда рукIана,-абун. ХIасан-ХIажиясе ихтияр кьуна эбел-инсуцаго кьураб цIаралда ва фамилиялда гьоркь вукIине. Кин букIаниги хъулухъ тIубазабулеб заманалда гьалмагъзабаз гьесде Парамонов абун ахIулаан.

Шамилиде, жиндирго гIагарлъиялдеги данде вагъизе ине Малачихановас тIубанго инкар гьабуна, амма Крымалъул рагъ байбихьидал гьев разилъун фронталде ана. Севастополь цIунараб 11 моцIалъ гIашилтIисевги гьенив вукIана. Гьесул хIакъалъулъ лъикI лъалаан адмирал Нахимовасда, Корниловасда, Истоминида. Цо чанго тIадегIанал шапакъаталги щун лъугIана дагъистаниясе рагъ. Россиялъулав императорас бергьенлъиялъул хIурматалда тIаде къабул гьари гIуцIараб Севастополалъул цIар рагIарал рагъухъабазда гьоркьов гьевги вукIана.

Шамил Калугаялде вачIараб заманалда ХIасан-ХIажия сул букIана 32 сон, гьесул букIана штабс-капитанасул чин, хъулухъ гьабулеб букIана Колыванскиялъулаб лъелаб полкалда, ячун йикIана гIурусай. Доб мехалда гьесул командованиялда гъоркь букIана солдатазул полк, гьел рукIана Калугаялдаса 30 киллометралъ рикIкIад.

Шамилихъе вачIиналде Малачиханов-Парамоновас ретIун букIана гражданазулаб ретIел. Гьес имамасдаса хIал кIун бахчулеб букIуна жиндирго гIадатияб гуреб гIумру, имамасда гьев витIун вичIчIизе бегьулеб букIаниги.

Шамилилгун букIараб дандчIваялдаса хадуб гьеб заманалда гьенив вукIарав вац МухIамадги ХIасан-ХIажиявги гьениб аскIобехун бугеб росулъе уна. Гьениб кIиясдаго гьоркьоб ккана гIага-шагарго хадусеб хабар:

-Дур лъимал ругищ,-ан гьикъана ХIасан-ХIажияс МухIамадида.

-Цо вас вуго,-ян абуна МухIамадица.

-Гьев вас дие кье, дур жеги лъимал рукIина. Дирго лъимал рукIине рес букIарабани дица гьаризе букIинчIо.

МухIамадица тIубазабуна вацасул гьари ва вачун вачIана анлъго сон барав Нуричу. Шамилил рокъове тIоцеве Нуричу вачIараб мехалда тIолалго руччаби тIад хурхун къочарулел рукIана гьесда, имамас абуни гьев накабазда лъун веэдулев вукIана. МагIу чвахххун бачIунеб букIана магIаруласул гIанабаздаса. ГъазимухIамадица Нуричуда тIад чIун малъулеб букIана Къуръан, росулъ ХIасан-ХIажиясул чIужуялъ абуни – гIурус мацI.

Шамилие вокьулаан гьев вас. Анкь иналде Шамилил амруялдалъун ясаз гьесие букъана цIияб костюм. Гьев ругьун гьавулев вукIана росдал гIадатазда ва къагIидабазда рекъон. ХIухьел ккун гIенеккулаан вас Кавказалъул рагъул хIакъалъулъ харбазухъ. Сонал ана. I886 соналда, Нуричуца I6 сон бараб мехалда, Шамилил васас – пачаясул армиялда хъулухъалда вукIарав МухIамадшапица гьев жиндаго аскIове вачана. КIиго сонидасан, жиндиего щвезе рес бугеб офицерасул чиналдаса инкарги гьабун, Нуричу Дагъистаналде тIад вуссана.

Гьеле гьев Нуричул гIадамал ккола ГIашилтIаса машгьурал Малачихановал: Нуричул ХIасан – инженер, пачаясул полковник, Нуричул ХIамзат – пачалихъияв хъулухъчи, гьесул лъимал: Саладин ва Багьадур.

ХIасан-ХIажияс гьениб хъулухъ гьабуна полковникасул чиналде вахинегIан. Хвана 1891 соналда Темир-Хан-Шураялда.

# Шамилил гIумроялъул нух

«Цойги нухалъ, ян абулеб буго Е. Марковас –Шамиль вортана кIиго гуллица хвелев хIалалъ лъукъизеги лъукъун… Киналго магIарулазул беразда цеве, гьев хванин тун вукIана…, чанго къойидасан ракIалдаго гьечIого гьев кIанцIун вачIана мюридзабазда гьоркьове, жиндирго каранда рихьизаруна кIиго би чваххулеб гьечIеб, амма рагьарал ругънал»,-абун.

МагIарулаз божун рикIкIунаан Шамиль хасаб тIасанхун бачIунеб къуваталъ ккун вугин, гьесдаса чи бергьине рес гьечIин. Цоялдаса цояб божизе захIматал харбал кIалалъ кIалазухъе кьолел рукIана цо росулъа цоги росулъе доб заманалда. Гьелъги кIудияб роль хIалтIизабуна Шамиль гIадамазда гьоркьов машгъурлъиялъе иманлъун гьев вахъиналде цевегицин.

Нилъеда лъаларо рагъ букIинчIебани кинаб гIумро гьесул букIинеб букIарабали. Гьес бухъизе бегьулаан инсул ах, вахъине бегьулаан маххул къебед, вахъинаан гIараб гIелмуялъул гIарабистлъун… Нилъеда лъаларо. Амма Кавказалъул рахъалъ гьесул къимат буссинабуна цо рахънибе. ГьитIинаб ВатIаналда хIажалъана гьесул кумек, гьелъ гьев цо рахъалдаги чIечIо. ГIолохъанаб мехалъ Шамилица кумек гьабула тIоцевесев гьудул – учителасе ГъазимухIамадие, хадуб ХIамзат-бегие- Дагъистаналъул кIиабилев имамасе. Гьеб заманалда гIадамазда бичIчIун букIана Шамиль гIицIго гIалимчи, гIакълучи гуревги рагъулав махщелчи вукIинги. Шамиль вукIана рагъул бищун хIинкъи бугел точкабазда, киданиги жиндаго ракI гурхIичIого ва живго цIуничIого вагъана гьев.

КIиявго имам чIван хадуб гIадамаз кирехуниги гьетIичIого имаматалъе нухмалъи гьабизе гьесда цIар чIвана. Гьеб букIана I834 соналъул 20 октябралда ГьоцIалъ росулъ. Гьелдаса хадуб букIана кIудияв имамасул захIматаб, балагьазулги къварилъабазулги цIураб, гьелдаго цадахъ гвангъарал бергьенлъабазул рагъулаб нух.

**Булач ХIажиевасул**
**(Генуса Мадинаялде щвезегIан) абураб тIехьалдаса бутIаби)**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 28 (7172)*
*30 июнь 2017 сон*



***Однажды царь спросил Шамиля: « Если бы ты знал, что моя страна такая огромная и сильная, ты воевал бы против нее 25 лет?» Шамиль ответил ему таким же вопросом: «А если бы Вы знали, что Вы воюете с таким маленьким народом, с такой маленькой страной, Вы воевали бы 25 лет?»***



# *Имам Шамиль остался соколом Кавказа!*

Имам Шамиль был ястребом Кавказа!
О нём слагали песни на века.
Родной Гимры, подобию алмаза,
Он Дагестан увековечил навсегда!
Имам Шамиль сравним с орлом Кавказа!
В сердцах всех горцев он оставил след.
Он с именем Аллаха воевал не для показа.
За горы, за свободу, не за хвалу воспет!
Село Гимры – жемчужина Кавказа!
Ещё его зовут гнездом орлов в горах!
История Гимры довольно суховата.
Но честь, свобода - только на делах!
Вот тут и родились герои наши
В нескольких друг от друга миль
Мудрейшие из Гимры два имама:
Кази-Мухаммад и Шамиль.
Второй имам из Гоцатли Гамзат-Бек,
И Дагестане, и в Чечне запечатлён навек!
Стоит под высокою скалой Акнада,
У подножия горы Кабала.
Над уровнем воды видна ограда.
Но чужда им людская кабала!
А эти Цумадинские просторы
Видали много на своём веку.
Однако, Акна, Аща и Ангида
Всё время были начеку!

П

Призыв Гази-Мухаммада на газават
Звучал, как эхо, как набат:
- Кавказская земля наполнена врагами,
Теперь они уже и в нашем стане.
И давят наш народ своими сапогами.
Пора нам встать на Газават, земляне!
Пора освободить своих людей
От гнёта, от насилия детей!
Давайте дружно мы заявим, как один,
Что земли, веру ни за что не продадим!
Гази-Мухаммада призыв: «На Газават!»
Народом был воспринят как раскат.
И эхом отдалось в Чечне «Говт! Гатт!»
Гази-Мухаммеда настиг его закат!
Вторым имамом выбран Гамзат-Бек.
В народной памяти оставил след.
Твердили, что он мудрый человек.
И много славных у него побед!
Два года был имамом Гамзат-Бек.
А газават всё набирал разбег.
Два года он народ благословил.
Но заговорщиками предан был, убит.
То знамя подхватил Имам Шамиль
И 25 годов сопротивление вносил.
И тяжко было слушать плачи по мужьям,
И нечего сказать ни детям, ни друзьям!
Хотел народу дать освобождение,
Но только не такой жестокою ценой!
Ценою гибели тысячи и тысячи людей ,
Которые остались без крова и мужей.
Имам Шамиль под крутизну Акнада
В «Кавказскую Сибирь» незваных зазывал.
Под гул бесперебойной канонады



Там волк в овечьей шкуре поджидал.
От самых вершин хребтов Кавказа
Имам Шамиль им спуску не давал!
И белый тот орёл, как наваждение,
Во сне к нему бывало прилетал!.
Без чувств лежа и истекая кровью,
Имаму Шамилю надежду подавал.
И, возрождаясь к жизни, к кровли,
Своих бойцов на бой сопровождал!
И так до Каспия,до самого широкого,
Любая щель в горах ему под стать.
С любого склона, даже и с крутого
Врагов он мог всех разом наказать.
Над сёлами Гимры, Гоцатль, Гергебиль,
Дарго,Салта, Ахты, Гуниб, Ахульго
Затмение много раз всходило
Утешить нечем, если ни сказать: удел.
Сражение у «Валерик» в стихах,
У Лермонтова - речка смерти.
А Ичкеринское сражение в томах
Толстой считал уроком жизни.
И не было в победе их сомнения!
Не спал ночами хутор Улала.
А после утреннего должного моления
Мюриды выступали с криками: «Аллах!»
Скала над Ахульго - Шулатлунго,
Что в переводе значит Крепостная.
Народы здесь в семье нежны,
И духом,и решимостью - полны!
Не хочется им быть крепостными!
Они здесь для свободы рождены!
Тут каждый воин ожидал отмщения!
В селе Ахульгово опять затмение.
Заранее , разбившись на отряды,
За честь семьи не будет им пощады!
Осада башни длилась восемьдесят дней,
Пять раз предпринимался штурм.
Размыта кровью, как потоками дождей.
Шамиль искал уже другой маршрут.
И с уст рассказчиков звучало,
Что были крики, стоны женщин и детей.
Под шквал огня и с именем Аллаха
Село страдало за предательства людей!
В Сурхаевской башне тысячи мюридов.
А вместе с ними женщины с детьми.
Их было больше тысячи сердец,
Их не смогли поставить на колени!
Так много, много лет подряд
Сумел он сохранить свой трон.
Он все сражения выигрывал, твердят.
Но под Гунибой не переломил заслон.
Последняя обложена Гуниб - гора!
Лишились жизни полторы тысячи людей.
Имамом Шамилем не сломлена преграда.
Не нужно больше человеческих скорбей!
В бою у подножия Гуниба пронеслось,
Что бой проигран. Эхом отозвалось.
Имама Шамиля в Чечню сопроводили.
И больше гнезда там орлы не вили!
Любуйтесь , люди,! Эту красоту
С собою унести? - Нет, я не унесу!
Я оставляю вам! И это навсегда!
Так берегите же, прошу вас я !

Ш

Он для всего народа был и есть кумир!
Кавказ он сердцем Дагестана ослепил!
Народом сложено множество легенд.
А каждый бой его - ярчайший след!
Имам Шамиль остался ястребом Кавказа!
О нём и до сих пор слагают песни у костра!
Гуниб, Гимры, все сёла Дагестана и Чечни прославил,
Тем самым, и Кавказ на долгие века!
Имам Шамиль сравним с орлом Кавказа!
В сердцах всех горцев он оставил след.
Он с именем Аллаха воевал не для показа.
За горы, за свободу, не за хвалу воспет!

**Айшат МАЛЬСАГОВА**

# Памятные даты из истории Шамиля

1840, конец — переход к Шамилю Хаджи-Мурада.
1840—1842 — укрепление Имамата. Военные реформы.
1841, май — бои на Хубарских высотах. Отражение наступления Головина.
1842, май — июнь — разгром экспедиции П. Граббе.
1842 — начало земельной реформы.
1843 — успешные операции Шамиля, утверждение его власти на большей части Дагестана и Чечни. Занятие Хунзаха, блокада Темир-Хан-Шуры. Неудача под Казанищами.
1844—1850 — укрепление и новое расширение Имамата. Государственное строительство, новые реформы, приток мигрантов в Имамат. Создание Низама (Кодекса) Шамиля.
1844, июнь — переход к Шамилю генерала Даниял-бека Элисуйского.
1845, май-июнь — разгром «Сухарной» экспедиции наместника М. Воронцова.
1845, конец — строительство новой столицы в Ведено. Строительство крепостей и укреплений — «Шамилевской стены».
1846, апрель — неудачный поход Шамиля в Кабарду.
1846, октябрь — бои за Акуша-Дарго.
1847, июнь — оборона Гергебиля.
1847, июль — сентябрь — штурм и взятие аула-крепости Салта войсками М. Аргутинского-Долгорукого.
1848, январь — съезд в Ведено, признание сына Шамиля Гази-Магомеда наследником имамской власти.
1848, июнь — осада и взятие царскими войсками аула Гергебиль.
1848, сентябрь — поход Шамиля на юг Дагестана, штурм укрепления Ахты и отступление.
1848 — наиб Шамиля Магомед-Амин возглавляет сопротивление в Черкесии.
1849, 14 апреля — набег Хаджи-Мурада на Темир-Хан-Шуру.
1849, лето — оборона аула Чох и отступление Аргутинского.
1850, осень — визит на Кавказ и «боевое крещение» будущего императора Александра II.
1851, лето — неудачные походы в Кайтаг и Табасаран. Отставка Хаджи-Мурада.
1853, август — вторжение отрядов Шамиля за Лезгинскую кордонную линию. Отход до прибытия войск Аргутинского.
1854, июль — вторжение в Кахетию, пленение грузинских княгинь.
1855, 10 марта — обмен княгинь на сына Шамиля Джамалутдина.
1855, март — перемирие между Шамилем и наместником Н. Муравьёвым.
1856—1857 — окончание Крымской войны и нарушение перемирия новым наместником А. Барятинским.
1858, май — восстание назрановских ингушей и неудачная попытка Шамиля оказать им помощь.
1859, 1 апреля- взятие царскими войсками Ведено. Уход Шамиля в Дагестан.
1859, весна — последний съезд в Хунзахе. Строительство укреплений на реке Андийское Койсу.
1859, лето — крупномасштабное наступление Барятинского. Уход Шамиля на Гуниб.
1859, август — блокада Барятинским Гуниба, попытки переговоров.
1859, 25 августа — взятие Гуниба. Почётное пленение Шамиля
1859, 3 сентября — Шамиль отправляется из Дагестана в Санкт-Петербург.
1859, 15 сентября — встреча Шамиля с Александром II в Чугуеве.
1859, 22 сентября — прибытие Шамиля в Москву и встреча с генералом А. Ермоловым.
1859, 26 сентября — прибытие в Санкт-Петербург.
1859, 29 сентября — встреча с императрицей в Царском Селе.
1859, 10 октября — прибытие Шамиля в Калугу.
1860, 5 января — приезд в Калугу семейства Шамиля.
1861, 8 апреля — поступление сына Шамиля Магомед-Шапи на службу в Собственный Его Императорского Величества конвой.
1860, конец апреля — визит в Калугу Магомед-Амина.
1861, 27 июля — приглашение Шамиля в Санкт-Петербург для встречи с императором. Посещение Петергофа и Кронштадта.
1861, 29 июля — приём в Царском Селе. Обещание Александра II отпустить Шамиля в хадж.
1862, 1 апреля — пристава А. Руновского сменяет пристав П. Пржецлавский.
1866, 1 февраля — упразднение должности пристава при Шамиле.
1866, 26 августа — принятие Шамилем присяги на верноподданство России.
1868, ноябрь-декабрь — Шамиль переезжает на жительство в Киев.
1869, 16 февраля — Александр II разрешает Шамилю отправиться в паломничество в Мекку.
1869, 12 мая — отъезд Шамиля из Киева.
1869, 19 мая — прибытие Шамиля в Стамбул.
1869, 30 августа — возведение Александром II Шамиля в потомственное дворянство.
1869, 16 ноября — участие Шамиля в открытии навигации на Суэцком канале.
1869, 20 ноября — прибытие Шамиля с семьей в Мекку. Совершение хаджа.
1870, конец марта — переезд Шамиля из Мекки в Медину.
1870, 23 декабря — сын Шамиля Гази-Магомед отправляется из Киева в Медину для свидания с отцом.
1871, 4 февраля — кончина имама Шамиля. Похороны на кладбище Джаннат аль-Бакия в Медине.[1]

# ДандчIвай букIана



Дагъал церег1ан къоязда районалъул культураялъул отделалъул хIалтIухъабигун дандчIвана коррупциялъул рахъалъ районалъул бетIерасул кумекчIужу Р. ХIайбулаева. ДандчIваялда гIахьаллъана зам. М. ХIасанова, отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев, цогояб информационнияб хъулухъалъул нач. М-Н. ХIайбулаев ва цогидалги.

ХIалтIухъабигун гара-чIварулаго Р. ХIайбулаевалъ бицана жиндирго тIадал ишазул, гьаризе цере чIун ругел хIалтIабазул.

«Нужерго хIалтIудалъун нужеца гIисиналги чIахIиялги гIелал культураялде цIала. Цогидаб гьабулеб бичIчIи кьеялъул хIалтIулъги гIадамазулъ гьабулеб хIалтIуе нужер бажари цIикIкIараб букIуна. Гьединлъидал дица нуж ахIула организациялъул территориялда хасал стендал чIвазе, гьенир рукIине ахIизе бегьулел телефонал, фамилиялгун цIарал, коррупциялъул ишазул хIакъалъулъ лъазариялъе. Гьединго хасал ящикал лъезе ккола гIадамаз заявкаби рехизе»,-ян бихьизабуна гьелъ.

ДандчIвай ана цоцаде божилъи бугеб куцалъ, кьуна суалал, гьезие чIванкъотIарал жавабалги щвана.

# ОПМ «Пешеход»

Обстановка с аварийностью, связанной с пешеходами на территории республики особенно в крупных городах и районах, не стабильная и остается сложной. В целях усиления профилактической работы направленной на снижение количества и тяжести дорожно-транспортных происшествий связанных с наездами на пешеходов на территории района в период с 26 по 30 июня 2017г., будет проводиться оперативно-профилактическая операция «Пешеход». Данное мероприятие будет проводиться сотрудниками ОГИБДД по Республике Дагестан. Отделение ГИБДД ОМВД России по Унцукульскому району напоминает о том, что пешеходы также обязаны помнить о дополнительных мерах предосторожности при переходе проезжей части, не игнорировать правила перехода проезжей части. На нерегулируемых пешеходных переходах пешеходы могут выходить на проезжую часть после того, как оценят расстояние до приближающихся транспортных средств, их скорость и убедиться, что переход будет для них безопасен. При переходе дороги вне пешеходного перехода пешеходы, кроме того не должны создавать помех для движения транспортных средств и выходить из-за стоящего транспортного средства или иного препятствия, ограничивающего обзорность, не убедившись в отсутствии приближающихся транспортных средств. В темное время суток необходимо предпринять дополнительные меры предосторожности, оборудовать верхнюю одежду световозвращающими элементами. Водители соблюдайте скоростной режим! Будьте бдительны! Притормозите при подъезде к пешеходным переходам и к местам массового скопления людей! Если перед пешеходным переходом остановился или замедлил движение другой автомобиль, продолжать движение можно, только убедившись в отсутствии пешеходов, переходящих дорогу. Лишь совместное соблюдение правил дорожного движения позволит избежать многих несчастных случаев на дороге!

# ОПМ «Такси»

В городах и районах Республики Дагестан возросло количество транспортных средств, осуществляющих перевозку граждан с нарушением требований норм административного законодательства. В настоящее время в сфере таксомоторных перевозок участвуют более 2000 легковых автомобилей (такси), из них действующие разрешения имеют 150 юридических лиц и индивидуальных предпринимателей, что составляет 22% от общего количества. Так, из 52 муниципальных образований республики в 29 районах, в настоящее время не зарегистрирован ни один субъект предпринимательства с видом деятельности «перевозки такси», однако из каждого района регулярно осуществляют выезды в города и обратно легковые автомобили, в качестве такси. Основные пассажир-образующие места (территории автостанций, привокзальная площадь, аэропорт, вокруг оптовых рынков и торговых центров) оккупированы нелегалами, в связи с чем добросовестный перевозчик не имеет возможности парковать свой автомобиль в указанных местах, для ожидания клиентов, из-за монополии нелегалов. Выявлены факты перевозки пассажиров на транспортных средствах, имеющих технические неисправности, что создает, условия угрозы жизни и здоровью граждан. Принимая во внимание, что степень участия нелегальных таксистов в дорожно-транспортных происшествиях достаточно высока и в целях пресечения фактов осуществления таксомоторных перевозок с нарушением норм действующего законодательства Российской Федерации, 26 по 30 июня 2017г. на территории района будут проводиться оперативно профилактические мероприятия «Таксист». Основные цели и задачи мероприятия – пресечение правонарушений в сфере пассажирских перевозок, выявление фактов осуществления предпринимательской деятельности без государственной регистрации или специального разрешения, незаконного использования атрибутики такси, а также соблюдения водителями указанной категории транспортных средств Правил дорожного движения Российской Федерации. Отделение ГИБДД напоминает о том, что административные правонарушения, ответственность за которые предусмотрена ч 4 прим.1 ст. 12.5 КоАП РФ – управление транспортным средством, на котором незаконно установлен опознавательный фонарь легкового такси – влечет наложение административного штрафа на водителя в размере пяти тысяч рублей с конфискацией предмета административного правонарушения и ч. 7 ст. 12.5 КоАП РФ – управление транспортным средством, на которое незаконно нанесена цветографическая схема легкового такси – влечет наложение административного штрафа на водителя в размере пяти тысяч рублей

**Мусавузов Р. Н**
**Нач. ОГИБДД ОМВД России**
**по Унцукульскому району,**
**майор полиции**

# Обращение Главы МО «Унцукульский район» к разыскиваемым

Ассаламу алейкум, жители Унцукульского района!

Хочу обратиться к нашим землякам, молодым людям, которых как террористов и их пособников разыскивает МВД России. Настало время понять, где правда, где ложь, где добро и где зло.

На свете нет ничего пагубнее, разрушительнее и страшнее, чем терроризм и его последствия. Страдают мирные граждане, женщины, старики, дети.... Террор - удел слабых, подлых, ничтожных людей. Это удел предателей.

Ради искоренения терроризма и экстремизма день и ночь трудятся работники МВД России, ФСБ России – трудится вся Россия. Вы должны понимать, что рано или поздно найдут и вас. У вас ещё есть возможность вернуться к мирной жизни. Покаяться, осознать и признать свои ошибки. Вы должны понимать, что ошибиться может каждый, но не каждый сможет признать и исправить свои ошибки. Дорогие братья и сестры. Мы призываем вас сделать это, пока не поздно. Оставьте губительный путь террора, не сейте смуту, вражду на земле, не проливайте кровь!

**ОБЪЯВЛЕНИЕ**

В настоящее время ФКВПОУ «I83 учебный центр» МО РФ осуществляет набор курсантов-авиационных специалистов по программе подготовки среднего профессионального образования (срок обучения 2 года I0 месяцев с присвоением звания «прапорщик» и выдачей диплома государственного образца).

Зачисление курсантов производится без учета результатов ЕГЭ на основании конкурса аттестатов о полном среднем образовании.

Прием кандидатов с оформленными личными делами, выданными им на руки будет осуществляться приемной комиссией ФГКВПОУ «I83 учебный центр» МО РФ до 22 июля 20I7 года.

Желающие поступить в военные образовательные учреждения по всем вопросам могут обратиться к военному комиссару Унцукульского района Магомедову Ш. С. (тел. 55-I0-22, 55-I0-23, 8(928) 5387280)

**Ш. МАГОМЕДОВ.**
**Военный комиссар Унцукульского района**

**ЛЪАЗАБИ**

2006 соналъул 6 июналда Шамильхъала поселокалъул школалъ ХIажимухIамадова ПатIимат ХIамзатовналъул цIаралда кьураб, Б 5052283 номер бугеб аттестат тIагIун буго. Жакъа къоялдаса нахъе гьеб хIакъикъияб гуребльун рикIкIуна.


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать -29. 6. 17 г. 16. 20
фактически -18.20 мин.

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.